ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
НӨКИС ҚАЛАСЫ ҲӘКИМИНИН ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
НУКУС ШАҲАР ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

Нөкис қаласы, А.Досназаров 96 ж. Tel. (8-361) 222-89-77 Нукус шахар, А.Досназаров 96 у.

«29» 12 2017-жыл №05/12-185 Нөкис қаласы

Социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында

Өзбекистан Республикасының “Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында”ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси, 1998 йил 5-6-сон, 97-модда)ның 17-статьясы, “Өзбекистан Республикасында нәгиранларды социаллық қорғаў ҳаққында”ғы Нызамы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 29-30-сон, 277-модда)ның 25-статьясы, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”сине, (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 йил 34-сон, 333-модда)ге тийкарланып социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын Нөкис қаласында 2018-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Өзбекистан Республикасының “Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында”ғы Нызамның 17-статьясына тийкарланып социаллық қорғауға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын қаладағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мекемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 270 адамды қурайтуғын 1,7 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм нәгиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 32,2 пайыз - 87 адам;

б) билимлендириў мекемелерин питириўши жаслар ушын 41,4 пайыз - 112 адам;

в) мүддетли әскерий хызметтен босатылғанлар ушын 8,5 пайыз - 23 адам;

г) Бәнтликке көмеклесиў ҳәм халықты социаллық қорғаў орайында дизимде турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 4,4 пайыз - 12 адам;

д) жазаны орынлаў мекемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар қолланылған шахслар ушын 7,0 пайыз - 19 адам;

е) майып шахслар ушын 4,8 пайыз - 13 адам;

ж) адам саўдасынан жәбирленген ҳәм сырт еллерден депортация етилген шахслар ушын 0,3 пайыз - 1 адам муғдарында жумыс орынлары белгиленсин.

2. Қалада социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын бәнт етип қойылыўы керек болған жумыс орынлары санын ҳәм оларға қойылатуғын талапларды белгилеў бойынша арнаўлы комиссия курамы 1-қосымшаға, Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 2-қосымшаға тийкар тастыйықлансын.

3. Кәрхана ҳәм мекемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2017-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2018 жылдың 10 апрелинен кешикпей жумыс орынларының қалған бөлеги 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнигеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық нусқаларын қалалық Бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Кәрхана ҳәм мекемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”сине муўапық, белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын (ажыратылыўын яки бәнт етип қойылыўын) ҳәмде жумыс орынлары санитария гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешим талаплары орынланбаған жағдайда мекеменің лаўазымлы шахсларына “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”ниң 15-бәнтине муўапық жәрийма салынады.

6. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 20-августтағы 186-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў тәртиби ҳаққындағы Реже”сине муўапық социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахслар ушын бәнт етип қойылатуғын жумыс орынларын қала ҳәкими тәрепинен белгиленген муғдардан артықша шөлкемлестирген мекемелер усы жумыс орынларын шөлкемлестириўге сарпланған қаржылардың бир бөлегин қалалық Бәнтликке көмеклесиў орайы менен дүзилген шәртнама тийкарында Бәнтликке көмеклесиў орай қоры қаржылары есабынан қаплаў ҳуқықына ийе екенликлери есапқа алынсын.

7. Қалалық Бәнтликке көмеклесиў орайы усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм мекеме басшыларына жеткизсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

8. Нөкис қаласы ҳәкиминиң 2016-жыл 15-октябрдеги “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2017-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында»ғы 05/10-64-санлы шешими («Нөкис ҳақыйқаты» газетасы 31-октябрь 2016-жыл, 32(1113)-сан) 2017-жыл 31-декабрьден өз күшин жойытқан деп есаплансын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў қала ҳәкиминиң орынбасары А.Ибрагимовқа жүклетилсин.

10. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Нөкис қаласы ҳәкими ў.ў.а: **П.Турешев**

Коширмеси дурыс:
Канцелярия менгериушиси
Б.Мамырбаев